

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

Perkara anu kudu aya dina ngumpulkeun data nya éta lokasi jeung subjék panalungtikan. Lokasi jeung subjék perlu didadarkeun, sabab ieu mangrupa hal anu perlu dipikanyaho sangkan puguh dimana jeung naon anu di talungtik.

3.1.1 Lokasi Panalungtikan


Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun di SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung, anu alamatna di jalan Kopo no. 337 Gg. Umroh Sayati Margahayu Bandung 40228, Provinsi Jawa Barat. No telp. (022) 5423362. Email: smpm4mgghy@gmail.com.

3.1.2 Subjék Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan anu jadi subjék panalungtikan nya éta sajumlahing siswa SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung. Tapi kulantaran sababaraha tinimbang, saperti: SKKD panalungtikan, samporétna waktu, waragad jeung tanaga. Panalungtik ngawatesanan subjék panalungtikan nya éta siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung, anu jumlahna 37 siswa anu mangrupa bagian tina sababaraha kelas timimiti kelas VII A nepi ka VII E.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan diperlukeun pikeun ngadadarkeun gambaran prak-prakan dina panalungtikan timimiti tatahar nepikeun ka nyusun laporan hasil panalungtikan. Mékanisme panalungtikanana baris digambarkeun dina bagan di handap.



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif komparatif. Nurutkeun Surachmad dina skripsi Widiastuti (2013:21) méthode déskriptif nya éta méthode anu ngungkulan pasualan anu sifatna aktual ku cara ngumpulkeun data, masing-masingkeun data, jeung nafsirkeun data. Sedengkeun téori méthode komparatif nurutkeun sugioyono dina skripsi Widiastuti (2013:21) nya éta panalungtikan anu ngabandingkeun hiji variable atawa leuwih kana dua atawa leuwih sampel anu béda, dina waktu anu béda.

Dumasar kana sababaraha pamadegan di luhur, méthode dina ieu panalungtikan téh nya éta méthode deskriptif komparatif, ku cara ngadéskripsikeun data, ngolah data, jeung ngabandingkeun kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi nu kapanggih dina sampel panalungtikan.

Métode komparatif digunakeun pikeun ngabandingkeun data dua variabel. Variabel anu dibandingkeun dina ieu panalungtikan nya éta variable kaparigelan kamampuh nulis pangalaman pribadi jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih gampang ngalaksanakeun ieu panalungtikan, leuwih tiheula baris diterangkeun sacara operasional istilah-istilah anu pakait jeung judul panalungtikan. Wangenan operasional ngawengku kana wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel boh variabel bébas boh variabel kauger (variabel X jeung variabel Y). Ieu wangenan tina variabel panalungtikan baris dipedar supaya puguh maksudna, tujuan sarta udaganna, baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- 1) Babandingan nya éta niténan dua panalungtikan. Dina ieu panalungtikan babandingana nya éta pikeun ngabandingkeun rata-rata kamampuh nulis jeung rata-rata kamampuh nyarita.
- 2) Kamampuh nya éta asal kecapna tina mampuh anu hartina bisa, sanggup, kuat.
- 3) Nurutkeun LBSS dina Nurjanah, (2008:1), nulis téh nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas, jsté ku parantina. Nulis nya éta nurunkeun lambing-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem eta basa tina gambaran grafik tadi Tarigan dina Nurjanah, (2008:1).
- 4) Nyarita, carita (basa Sangsakerta) nya éta omongan anu maksudna méré nyaho hal naon-naon, supaya batur nyahoeun. (Danadibrata, 2005:94). Harti jembarana nyarita nya éta nepikeun eusi haté sacara lisan atawa ngébréhkeun kereteg haté ka jalma séjén.(dina Haerudin, 2013: 82)
- 5) Tresna Adhi dina skripsi (2010:23) pangalaman pribadi nya éta kagiatan nepikeun informasi atawa nyaritakeun naon anu pernah kaalman dina waktu anu geus kaliwat jeung pasti dipibanda ku unggal jalma. Jadi, nulis

pangalaman pribadi nya éta sagala rupa kajadian anu kaalaman ku hiji jalma anu diébréhkeun dina wangun tinulis.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Surachmad dina skripsi Widiastuti (2013:22) instrumén panalungtikan mangrupa hal anu kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun. Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumén pikeun ngumpulkeun data anu bener-bener dirancang jeung dijieun sarta diperlukeun. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés, tés dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data, nya éta pikeun ngukur kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita siswa.

- Tés Nulis

Pék tulis karangan ngeunaan pangalaman pribadi anu panjangna minimal sakaca kalayan maké basa anu merenah.

- Tés Nyarita

Pék caritakeun karangan pangalaman pribadi anu kungsi ku hidep di jieun kalayan maké basa anu merenah, tur lafal anu hadé.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Studi Dokuméntasi

Studi dokuméntasi mangrupa léngkah anu mimiti dina panalungtikan. Tehnik ieu mangrupa kagiatan ngumpulkeun sumber jeung data panalungtikan anu patalina jeung tést kamampuh nulis pangalaman pribadi jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data-data dumasar kana tiori anu dipilih luyu jeung pangabutuh. Hasil tina ieu kagiatan nangtukeun jeung nyieun konsép-konsép anu bakal di talungtik.

- b) Téhnik Tés

Tés anu dilakukeun pikeun mikanyaho babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D, sarta naha aya korélasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyaritana.

Wahyudin, 2014

Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun kamampuh nulis, siswa sina nyaritakeun naon-naon anu geus kaalaman ku diri pribadina dina wangun tinulis, hasil nulisna dianalisis anu hasilna mangrupa angka anu dijieun data panalungtikan.

Pikeun kamampuh nyarita, siswa sina nyaritakeun deui pangalaman pribadina dina wangun lisan sarta dina téma anu sarua dina waktu anu béda. Hasil nyarita pangalaman pribadina dianalisis anu hasilna mangrupa angka anu dijieun data panalungtikan.

3.7 Téhnik Nganalisis Data

Data anu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis pikeun mikanyaho hasil tina tés tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

Data tina hasil panalungtikan anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho masalah-masalah nu patalina jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi dina pangajaran nulis di kelas VII D, kamampuh nyarita pangalaman pribadi di kelas VII D, babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi di kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung.

Pikeun maluruh masalah-masalah di luhur, aya sababaraha léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan.

3.7.1 Nafsirkeun Skor

Nurutkeun Sudijono dina skripsi Widiastuti (2013:26) sabada skor dipikanyaho, tuluy nangtukeun tahap kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi dumasar kana *Penilaian Acuan Patokan* (PAP) 75% make rumus skala 100%. Sabada diitung maké éta rumus, diluyukeun jeung kritéria ieu di handap.

Sanggeus napsirkeun kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi unggal siswa dumasar kana PAP, saterusna napsirkeun boga henteuna kamampuh siswa kana nulis jeung nyarita pangalaman pribadi.

Siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Bandung Margahayu, dianggap boga kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi, lamun sakurang-kurangna nu miboga kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita téh nya

éta 65% atawa leuwih. Sabalikna dianggap can boga kamampuh, lamun kurang ti 65%.

Sangkan nyaho kana luhur handapna tahap kamampuh siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung kana nulis jeung nyarita pangalaman pribadi, maké pamarekan skala 100%. Anu rumusna saperti ieu di handap.

$$P = \frac{\sum \text{Skor siswa / nu kahontal}}{\sum \text{Skor maksimal}} \times 100 \%$$

Sabada diitung maké éta rumus, hasil olahan téh ditapsirkeun kana kriteria peunteun skala 100 ieu di handap.

Tabél 3.1

Kritéria peunteun Skala 100

| No | Skala Peunteun | Skor dihontal | Tapsiran |
|----|----------------|---------------|--------------|
| 1 | 91 – 100 % = A | 91 – 100 | Luhur Pisan |
| 2 | 81 – 90 % = B | 81 – 90 | Luhur |
| 3 | 71 – 80 % = C | 71 – 80 | Sedeng |
| 4 | 61 – 70 % = D | 61 – 70 | Handap |
| 5 | 0 – 60 % = E | 0 – 60 | Handap Pisan |

(Sudijono dina skripsi Widiastuti, 2013:26)

Sabada réngsé bisa kapanggih babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi siswa kelas VII D SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung.

Sangkan leuwih écés skor ahir siswa ditabulasikeun dina tabél di handap.

Tabél 3.2

Skor Tés Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi

| No | K | A | B | C | D | Σ | P | % | Katégori |
|----|---|---|---|---|---|----------|---|---|----------|
| 1 | | | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | | | |
| 3 | | | | | | | | | |

Kat:

K = Kode Nulis siswa

A = Eusi

B = Organisasi/ sistematika

C = Tatabasa

D = Éjahan jeung téhnik penulisan

Σ = Jumlah

P = Peunteun

Katégori = Présentase > 65% siswa dianggap mampuh nulis

Présentase < 65% siswa dianggap can mampuh nulis

Tabél 3.3

Skor Tés Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi

| No | K | A | B | C | D | Σ | P | % | Katégori |
|----|---|---|---|---|---|----------|---|---|----------|
| 1 | | | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | | | |
| 3 | | | | | | | | | |

Kat:

K = Kode Nyarita siswa

A = Eusi

B = Susunan

C = Tatabasa

D = Lafal

Σ = Jumlah

P = Peunteun

Katégori = Présentase > 65% siswa dianggap mampuh nyarita

Présentase < 65% siswa dianggap can mampuh nyarita

Tabél 3.4

Pedoman Meunteun Tes Nulis Pangalaman Pribadi

| Kamampuh Nulis | Skor | Kritéria |
|----------------|------|---|
| Eusi carita | 5 | Hade pisan(Sampurna, hartina maham pisan, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasoalan anu dipedar) |
| | 4 | Hade (Méh sampurna, hartina maham, kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasoalan anu dipedar) |
| | 3 | Sedeng (Maham, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasoalan nu dipedar tapi kurang lengkep) |
| | 2 | Kurang (Pamahamanna kurang, mekarkeun kecap koncina kurang saluyu sarta pasoalan nu dipedarna heureut) |
| | 1 | Kurang pisan (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén) |

Wahyudin, 2014

Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | | |
|----------------------------|---|--|
| Organisasi/ sistematika | 5 | Hade pisan (Éksprési lancar, gagasan anu diungkabkeun jéntré, <i>padat</i> , rapi, runtuyanna logis jeung kohésif) |
| | 4 | Hade (Éksprési lancar, gagasan anu diungkabkeun jéntré, <i>padat</i> , rapih, runtuyana logis jeung kohésif tapi aya saeutik kakuranganna) |
| | 3 | Sedeng (Éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi gagasan utama jéntré, kurang rapi, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyanna logis tapi teu lengkep) |
| | 2 | Kurang Éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, <i>terpotong-potong</i> , runtuyan jeung mekarkeunna teu logis) |
| | 1 | Kurang pisan (Heunteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , teu cukup pikeun diajén) |
| Tatabasa | 5 | Hade pisan (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap) |
| | 4 | Hade (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap tapi aya kakuranganna saeutik) |
| | 3 | Sedeng (Pamakéan jeung nyusun kalimahna sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na) |
| | 2 | Kurang (Hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana ngabingungkeun) |
| | 1 | Kurang pisan (Teu ngawasa pamakéan jeung panyusunan kalimah, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén) |

| | | |
|--------------------|---|---|
| Diksi | 5 | Hade pisan (Jembar, pamakéan kecap éféktif, pamilihan kecap jeung ngungkabkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap) |
| | 4 | Hade (Jembar, pamakéan kecap éféktif, pamilihan kecap jeung ngungkabkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap tapi aya kakuranganna saeutik) |
| | 3 | Sedeng (Kurang jembar, pamakéan kecap éféktif, pamilihan kecap jeung ngungkabkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi heunteu ngaganggu) |
| | 2 | Kurang (Sedeng, kurang éféktif, pamilihan kecapna kawatesanan jeung penggunaan kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah) |
| | 1 | Kurang pisan (Teu éféktif, pamilihan kosa kecap asal-asalan, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén) |
| Jumlah Skor | | |
| Peunteun | | |

Keterangan:

1. Eusi

Dina nulis carita pangalaman pribadi bisa ditempo tina eusi wacana tulis, naha saluyu jeung rélevan kana topik anu geus di tangtukeun.

2. Organisasi/sistematika

Dina nyusun carita pangalaman pribadi eusi wacana disusun sacara sistematis nurutkeun pola anu geus tangtu.

3. Tatabasa

Wacana anu didadarkeun ngagunakeun basa kalayan susunan kalimah anu gramatikal, pilihan kecap anu pas, sarta gaya penulisan anu saluyu.

4. Diksi

Wacana anu didadarkeun ngagunakeun atawa dina kosakecap anu pas, tur merenah.

Tabél 3.5
Pedoman Meunteun Tes Nyarita Pangalaman Pribadi

| Kamampuh Nyarita | Skor | Kritéria |
|------------------------|------|---|
| Eusi carita | 5 | Hade pisan(Sampurna, hartina maham pisan, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasoalan anu dipedar) |
| | 4 | Hade (Méh sampurna, hartina maham, kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasoalan anu dipedar) |
| | 3 | Sedeng (Maham, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasoalan nu dipedar tapi kurang lengkep) |
| | 2 | Kurang (Pamahamanna kurang, mekarkeun kecap koncina kurang saluyu sarta pasoalan nu dipedarna heureut) |
| | 1 | Kurang pisan (Teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén) |
| Organisasi/sistematika | 5 | Hade pisan (Éksprési lancar, gagasan anu diungkabkeun jéntré, <i>padat</i> , rapi, runtuyanna logis jeung kohésif) |

Wahyudin, 2014

Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | | |
|----------|---|--|
| | 4 | Hade (Éksprési lancar, gagasan anu diungkabkeun jéntré, <i>padat</i> , <i>rapih</i> , runtuyana logis jeung kohésif tapi aya saeutik kakuranganna) |
| | 3 | Sedeng (Éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi gagasan utama jéntré, kurang rapi, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyanna logis tapi teu lengkep) |
| | 2 | Kurang Éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, <i>terpotong-potong</i> , runtuyan jeung mekarkeunna teu logis) |
| | 1 | Kurang pisan (Heunteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , teu cukup pikeun diajén) |
| Tatabasa | 5 | Hade pisan (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap) |
| | 4 | Hade (Ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap tapi aya kakuranganna saeutik) |
| | 3 | Sedeng (Pamakéan jeung nyusun kalimahna sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na) |
| | 2 | Kurang (Hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana ngabingungkeun) |
| | 1 | Kurang pisan (Teu ngawasa pamakéan jeung panyusunan kalimah, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén) |
| | 5 | Hade pisan (Jembar, pamakéan kecap éféktif, pamilihan kecap jeung ngungkabkeun kecapna |

| | | |
|--------------------|---|---|
| Diksi | | merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap) |
| | 4 | Hade (Jembar, pamakéan kecap éféktif, pamilihan kecap jeung ngungkabkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap tapi aya kakuranganna saeutik) |
| | 3 | Sedeng (Kurang jembar, pamakéan kecap éféktif, pamilihan kecap jeung ngungkabkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi heunteu ngaganggu) |
| | 2 | Kurang (Sedeng, kurang éféktif, pamilihan kecapna kawatesanan jeung penggunaan kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah) |
| | 1 | Kurang pisan (Teu éféktif, pamilihan kosa kecap asal-asalan, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén) |
| Jumlah Skor | | |
| Peunteun | | |

Keterangan:

1. Eusi

Dina nyarita carita pangalaman pribadi bisa ditempo tina eusi wacana nu dicaritakeunana, naha saluyu jeung rélevan kana topik anu geus di tangtukeun.

2. Organisasi/sistematika

Dina nyusun carita pangalaman pribadi eusi wacana disusun sacara sistematis nurutkeun pola anu geus tangtu.

3. Tatabasa

Wacana anu didadarkeun ngagunakeun basa kalayan susunan kalimah anu gramatikal, dina milih kosakecap anu pas, sarta gaya penulisan anu saluyu.

Wahyudin, 2014

Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

4. Diksi

Wacana anu didadarkeun ngagunakeun atawa dina kosakecap anu pas, tur merenah.

3.8 Babandingan Kamampuh Nulis jeung Kamampuh Nyarita Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung

Tina hasil analisis anu geus dilaksanakeun jeung di pedar bakal katangen babandingan kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita pangalaman pribadi.

Tabél 3.6

Babandingan Kamampuh Nulis jeung Kamampuh Nyarita Siswa

| No | Kamampuh Nulis | Kamampuh Nyarita |
|----|----------------|------------------|
| 1 | | |
| 2 | | |
| 3 | | |

3.9 Korélasi antara Kamampuh Nulis jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung

Pikeun nangtukeun korélasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh nyarita ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum x)^2 (\sum y)^2}}$$

Keterangan:

X = Nulis

Y = Nyarita

- Rumus Ngitung Pangaruh Kamampuh Nulis jeung Kamampuh Nyarita

Pikeun mikanyaho sakumha pangaruh antara kamampuh nulis jeung nyarita ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$R = r^2 \times 100$$

Wahyudin, 2014

Babandingan Kamampuh Nulis Jeung Kamampuh Nyarita Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu Bandung Taun Ajaran 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu